



WORKERS'  
COMPENSATION

# Enfòmasyon sou Endemnizasyon pou aksidan Travay nan Delaware

## Eske w te konnen?

### Kisa endemnizasyon pou aksidan travay ye?

Endemnizasyon pou aksidan obligatwa nan eta a. Li sipòte anplwaye ki blese pa blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay. Li ofri swen medikal. Li bay tou konpansasyon pou salè ke travayè a pèdi ak pou blesi pèmanan oswa lanmò.

Nan Delaware, chak patwon dwe gen asirans pou endemnizasyon pou aksidan travay. Sa a vre si yo gen youn oswa plizyè anplwaye. Lwa a ekskli kèk travayè agrikòl ak antreprenè endepandan.

### Enfòmasyon pou anplwaye yo:

- **Aji kounye a.** Tell your employer about any work injury or illness within 90 days. This will ensure you keep your benefits.
- **Li enkli swen medikal.** Lost wages are also covered (total temporary and partial temporary). It also includes permanent impairment, disfigurement, and death benefits.
- **Dwa w yo pwoteje.** It's illegal for employers to punish you for filing a Workers' Compensation claim. If you face discrimination, you have rights.

**Aprann Plis:** Eskane kòd QR Code ki adwat la.

### Enfòmasyon pou anplwayè yo:

- **Asirans la obligatwa.** Si w pa gen asirans pou endemnizasyon asirans travay, sa ka lakòz gwo amand ak penalite legal. Asire w ke politik ou toujou ajou.
- **Rapòte enpòtan anpil.** Ou dwe rapòte tout moun ki blese nan 10 jou apre anplwaye a te avèti l. Sèvi ak Fòmilè Premye Rapò Blesi oswa Maladi Pwofesyonèl la.
- **Prevni Abi.** Rapòte yon blesi pa vle di ke w admèt responsablite. Se yon etap nesèsè nan pwosesis la ki pa ka itilize kont ou nan yon kontestasyon reklamasyon.
- **Konsiderasyon Andeyò Eta yo.** Anplwayè ki baze andeyò Delaware men ki gen anplwaye k ap travay nan Eta a dwe gen yon politik pou Endemnizasyon pou aksidan Travay nan Delaware oswa andòsman aplikab.

### Avantaj jak konfòmite yo:

- **Invalidite Total Tanporè:** Anplwaye yo ka resevwa benefis apati katyèm jou aksidan an. Si andikap la dire plis pase sèt jou, anplwaye a ap resevwa konpansasyon yon pati nan salè chak semèn, jiska yon maksimòm, depi premye joua.
- **Penalite pou non konfòmite:** Patwon yo riske amand \$100 a \$250. Yo fè peye amann lè yo pa ranpli premye rapò aksidan an, kèlkeswa nan ki nivo aksidan an sevè.
- **Ka espesyal:** Volontè yo, estajye yo, moun ki pa fè pwofi yo, ak travayè sezonye yo gen kondisyon espesifik pou garanti yo. Fòmilè eksklizyon yo obligatwa pou sèten wòl. Sa gen ladann manm fanmi imedya nan biznis la.
- Ou ka jwenn fòmilè esklizyon an nan Kòd QR ka epi soumèt li bay:  
[dol\\_dia\\_wc\\_compliance@delaware.gov](mailto:dol_dia_wc_compliance@delaware.gov)

### Kijan w ka jwenn èd?

Si gen pwoblèm oswa ou bezwen klarifikasyon sou pwosesis la, travayè yo ak patwon yo ka jwenn èd nan men Biwo Konpansasyon Travayè Delaware la. Ou ka vle asistans jiridik. Sa vre espesyalman nan ka kontestasyon oswa si pwosesis reklamasyon an vin konplèks.

### Sonje:

Endemnizasyon pou aksidan travay yo asire sekirite. Li bay sipò pou tout moun k ap travay. Konfòmite se pa sèlman yon egzijans legal—se yon angajman pou byennèt ekip ou a.

### Ki kote m ka aprann plis?

**Kontakte biwo prensipal nou a:**

(302) 761-8200

Ou se yon anplwayè ki gen kesyon?

[dol\\_dia\\_wc\\_compliance@delaware.gov](mailto:dol_dia_wc_compliance@delaware.gov)

Pou tout lòt kesyon sou aksidan travay:

[dol\\_dia\\_workcomp@delaware.gov](mailto:dol_dia_workcomp@delaware.gov)

**Kòd QR pou w aksede a plis emasyon, detay kontak biwo nou yo, oswa opsyon kontak dirèk yo.**



DELAWARE DEPARTMENT OF LABOR  
DIVISION OF  
INDUSTRIAL  
AFFAIRS